



Fen Pwogram Parole pou Kiben/Ayisyen/Nikaragweyen/Venezelyen (CHNV)

Direktiv sa a ap efektif 25 Mas, 2025

Kisa Parole CHNV ye?

Depatman Sekirite Nasyonal Etazini (DHS) te komanse Pwogram Parole CHNV la nan lane 2023 pou pèmet sitwayen Kiba, Ayiti, Nikaragwa, ak Venezyela antre Ozetazini pou jiska de zan. Pwogram nan te mande yon sipotè Ozetazini ak tèss sekirite epi li te vize bay chemen legal pou pwoteksyon imanitè oswa Regroupman fanmi. Nan mwa Oktob 2024, yo te mete fen nan pwogram nan aprè plis pase 500,000 moun te antre Ozetazini atravè li. Yo te ankouraje moun ki te antre nan pwogram nan pou yo eksplòre lòt opsyon legal pou rete nan peyi a.

Ki sa Avi 25 Mas 2025 la ki anonse fen Pwogram Parole CHNV a vle di?

Nan jou ki te 25 Mas 2025 la, DHS te anonse nan yon avi nan Federal Register ke Pwogram Parole CHNV a fini. Kòmanse 24 Avril 2025, moun ki Ozetazini anba pwogram Parole yo, si li pa deja ekspire, yo ka fè fas ak detansyon epi ak depòtasyon Ozetazini.

Mwen te vin Ozetazini ak Parole CHNV, epi mwen gen pèmision pou travay. Eske mwen ka kontinye travay legalman Ozetazini?

Daprè avi 25 Mas 2025 la, otorizasyon travay pou moun ki sou Parole CHNV ap revoke lè Parole la fini oswa le avi a efektif an 24 Avril 2025. Sa vle di ou pap kapab travay legalman apre 23 Avril 2025 anba Pwogram Parole CHNV la. Si ou gen estati, tankou TPS oswa yon aplikasyon annatant pou Rezidans Pemanan Legal (Kat vet) oswa azil, e ke ou gen yon kat travay anba TPS la, oubyen anba aplikasyon pou residans oubyen azil la, ou ka toujou kapab travay legalman.

Kisa kap pase aprè Pwogram Parole mwen fini?

Daprè avi a, yon fwa Pwogram Parole ou fini, yo konsidere ou kòm “prezan ilegalman” epi yo ka mete ou nan prizon ak depote ou, sof si ou gen yon lòt estati imigrasyon.

Kisa ki pral rive si mwen gen yon aplikasyon an atant pou azil oswa yon lot estati?

Pandan ke nenpot moun ki gen yon estati ilegal ka depote, DHS di yo pral bay priyorite pou depòtasyon moun ki poko aplike pou yon lòt estati, tankou kat rezidans, azil, Estati Pwoteksyon Tanporè (TPS), oswa estati Viza T pou viktim trafik moun. Sa vle di, si ou gen yon aplikasyon k ap tann, ou ta dwe kapab rete Ozetazini pandan w ap tann yon desizyon, men sa pa garanti. Fen Pwogram Parole la pa afekte ou si ou deja resevwa yon lòt estati imigrasyon.

Kote mwen ka jwenn èd?

Si ou poko fè sa deja, ou ta dwe konsilte yon founisè sèvis legal imigrasyon pou wè si ou kalifye pou nenpòt lòt chemen legal pou rete Ozetazini. Ou ka mande èd isit la: <https://www.immigrationadvocates.org/legaldirectory/>

Nòt pou Kiben ak Ayisyen: Kiben ak Ayisyen rete kalifye pou benefis ak sèvis kòm “Antre Kiben Ayisyen” menm si pwogram Parole la fini, toutotan ke yo pa resevwa yon lòd final pou depote yo.